

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méhode Panalungtikan

Métode panalungtikan nya éta cara anu utama anu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan (Surachmad, 1983:21). Dumasar kana tujuan nu baris dihontal, métode nu digunakeun dina icu panalungtikan nya éta métode déskriptif.

Métode déskriptif nya éta mangrupa hiji métode pikeun ngagambarkeun hiji kaayaan objék anu ditalungtik tur ngébréhkeun aspék-aspék anu dijadikeun puseur perhatian dina panalungtikan.

Métode déskriptif mangrupa hiji métode pikeun ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, nganalisis jeung napsirkeun data (Surachmad, 1983:143)

Métode panalungtikan déskriptif ngabogaan tujuan tujuan pikeun ngadéskpsikeun, nya éta nyieun gambaran sacara sistematis jeung faktual ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu (Amir Suryatna, 1994:19).

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik talaah pustaka, jeung analisis data. Téhnik talaah pustaka ieu dipaké pikeun

ngumpulkeun data kalawan maké cara nalah sababaraha pustaka sangkan bisa neuleuman téori-téori anu aya pakuat-pakaitna jeung garapan panalungtikan.

Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun meunangkeun informasi atawa pangaweruh ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén anu digarap langsung kana buku kumpulan carita pondok *Kanagan*.

3.3 Populasi jeung Sampel

3.3.1 Populasi

Populasi nya éta sakabéh subber data anu jadi objék panalungtikan (Suryatna, 2002:11)

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakumna carita pondok anu aya dina kumpulan carita pondok *Kanagan* karangan Tatang Sumarsono jeung Duduh Durahman. Eta carita pondok jumlahna aya 41 judul carita. Judul-judul carita pondok nu aya dina buku kumpulan carita pondok *Kanagan* téh saperti ieu di handap

1. Pajabat Mantén (*Hidayat Susanto*)
2. Potrét Tilu Jalma dina Album Kuring (*Cécép Burdansyah*)
3. Cidung Kayas (*Imas Rohilah*)
4. Ceu Wawang (*Tatang Sumarsono*)
5. Aki Majun (*Nana Sukmana*)
6. Keris Pusaka (*Djunaédi A. S.*)

8. Dahuan (*Pipiet Senja*)
9. Sirakéan Silihwangih (*Yosép Iskandar*)
10. Lalangsé Peuting (*Poppy Pontiany*)
11. Simpé di Makam (*Yous Hamdan*)
12. Ne Indung (*Sukaésih Sastrini*)
13. Dédén Manap (*Radian Prasétyo*)
14. Nu Beunghar (*Tétti Hodijah*)
15. Nini (*Yus Fitradiréja*)
16. Incu (*Sulaéman Bc. S.*)
17. Nu Datang Kahibar Layung (*Rhien candraresmi*)
18. Sagara Haté (*Enang Rokajat Asura*)
19. Sarpani Oray (*Empu Surawinata*)
20. Kembang Puringkak (*Godi Suwarna*)
21. Lagu di Simpang Jalan (*Dédén Abdul Aziz*)
22. Bocokok (*Holisoh ME*)
23. Guru Kahir (*Hadi AKS*)
24. Méga Pérak di Majingklak (*Madusari*)
25. Surat Buntu Lamokot ku Getih (*Rukmana HS*)
26. Sintung Kalapa (*Iskandarwassid*)
27. Marni (*Dadan Sutisna*)
28. Dada Sangkuriang (*Rudi Riadi*)

29. Manéha Lain Musa (*Dédé Syaprudin*)
30. Dongéng Dongéng Ambu (*Chyé Réty Isnéndés*)
31. Lalakon Bingbang (*Dian Héndrayana*)
32. Kutamangu (Oom Somara de Uci)
33. Asmaranirca (*Fitri Sulastris*)
34. Béni Balakabak (*Tien Kustini Maskar*)
35. Harga Peda Beureum (*Ruhyat Arifin*)
36. Mulang (*Usép Romli*)
37. Sabot Ngiuhan (*Risnawati*)
38. Lembur Cisajadah (*Trisna Mansur*)
39. Kembang-kembang Wiwirang (*Dédy Widyagiri*)
40. Kawista (*Darpan A. Winangun*)
41. Nin (*Hérmawan Aksan*)

3.3.2 Sampel

Sampel nya éta bagian tina populasi sarta ngawakilan populasi (Suryatna, 2002:11).

Sampel purposif nya éta sampel nu dipaké dumasar kana tujuan anu tangtu. Sudjana (1991;37) nétélakeun yén purposif sampel nya éta sampel dumasar kana tujuan anu tangtu, nepi ka bisa nyumponan kahayang jeung kapentingan panalungtik. Ku kituna dina ieu panalungtikan sampel nu

digunakeun téh nya éta sampel purposif, nya éta tina sajumlahing populasi anu geus ditataan ti heula, dipilih sapuluh carita pondok anu baris dipedar.

1. Pajabat Mantén (*Hidayat Susanto*)
2. Ceu Wawang (*Tatang Sumarsono*)
3. Harga Kasatiaan (*Tetty Suharti*)
4. Nu Datang Kahibar Layung (*Rhien candraresmi*)
5. Guru Kahir (*Hadi AKS*)
6. Surat Buntu Lamokot ku Getih (*Rukmana HS*)
7. Sintung Kalapa (*Iskandarwassid*)
8. Dada Sangkuriang (*Rudi Riadi*)
9. Lalakon Bingbang (*Dian Héndrayana*)
10. Mulang (*Usép Romli*)

Dipilih sapuluh carita pondok dumasar kana sababarah alesana nya éta, di antarana (1) kasengker ku waktu, (2) kasamporétan jeung kahéngkérana kamampuh, jeung (3) datana cukup variatif.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta tabél data Data dina ieu panalungtikan mangrupa sakumna kecap rajékan binarung rarangkén nu kapanggih dina buku kumpulan carita pondok *Kanagan*. Dina prak-prakana

nganalisis data digunakeun alat atawa instrumén anu mangrupa sistém lembar kartu data.

Dina lembar kartu data dipidangkeun mangrupa (1) kalimah anu ngandung kecap rajékan binarung rarangkén, (2) nomer caraita pondok, nomer urut kaca, jeung baris, (3) unsur nu mangrupa kecap rajékan binarung rarangkén nulisna di *sérongkeun*.

Conto lembar kartu data:

C1/K17/B12

Aya *kekembangan* bodas, konéng, beuereum, bungur naon ku hanteu.

Wangun : Dwipurwa binarung rarangkén

Harti : Rajékan nu nuduhkeun harti rupa-rupa (diversitas)

Fungsina : Nominal

Keterangan:

C1 = carita pondok kahiji

K17 = kaca ka- 17

B12 = Baris ka- 12

Aya *kekembangan* bodas, konéng, beuereum, bungur naon ku hanteu.= ungkara kalimah anau ngandung kecap rajékan binarung rarangkén.

Saenggeus dianalisis ngagunakeun kartu data, satuluyna data nu kapanggih dipasing-pasing dumasar kana gundukanana, ngagunakeun tabel saperti conto ieu di handap.

Tabél 4.1
Kecap Rajékan Dwipurwa Binarung Rarangkén

No	Wangun kecap	f	%

Katerangan:

No = Nomer urut

f = Frékuénsi

% = Pérséntasi

Wangun Kecap = Kecap rajékan Dwipurwa binarung rarangkén.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Saenggeus sakabéh data kumpul, éta data téh diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

1. Mariksa deui data anu geus dikumpulkeun kalawan taliti;

2. Ngadaptarkeun sakabéh kecap rajékan binarung rarangkén sacara alfabétis sarta ngitung jumlah nu aya dina buku kumpulan carita pondok *Kanagan téa*;
3. Ngitung frékuénsi jeung perséntasina;
4. Ngadéskripsikeun kecap rajékan binarung rarangkén dumasar kana wangun, harti jeung fungsi;
5. Nangtukeun rarangkén nu marengan kecap rajékan binarung rarangkén.

